



Pou Piblikasyon Imedya: 08/25/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MONTRE PATISIPASYON ADMINISTRASYON AN NAN GWO FWA ETA NEW YORK

Nouvo afichaj entè-aktif pral edike patisipan Fwa yo sou disponibilite sèvis ak pwogram yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te montre nouvo aktivite ki oryante sou fanmi ki pral disponib nan Gwo Fwa Eta New York ane sa a. Anplis, anpil nouvo sèvis pral disponib pou vizitè yo nan Fwa a, enkli opòtinite pou kòmande yon nouvo lisans plak Eta "I Love NY", chèche travay ki disponib epi kòmande yon nouvo E-ZPass.

"Chak ane nap fòse pou fè Gwo fwa Eta New York vini pi bon pase sa anvan e lè nou bay plis aktivite edikasyon ak aksè konvenyan a sèvis eta, nap chèche pou amelyore eksperyans lan epi bay plis valè pou patisipan yo," Gouvènè Cuomo te deklare. "Mwen ankouraje chak Nouyòkè pou fè yon vwayaj epi eksperimante sa ki pi bon eta gen pou ofri."

Ajans Eta afiche, ansanm avèk ekspozisyon Gouvènè a pral lokalize nan Building Sant Progress, bilding Syans ak Endistri, e nan anpil lòt lokasyon sou lakou fwa. Depatman Agrikilti Eta New York ak tant mache pral lokalize devan bilding administrasyon an. Ekspozisyon yo pral ouvè pandan tout douz jou Fwa yo apati jedi 27 out jiska jou travay lendi 7 septanm.

Kèk nan kyòs ajans entè-aktif ak enfòmatif eta enkli:

Pwodui ki fèt nan New York pral sou tant Taste NY la, enkli echantyon fwomaj New York, siwo erab, siwo myèl, granola, sòs ak tranpe, diven, byè ak bwason. Ap genyen 70 vandè kap patisipe pandan tout 12 jou yo nan Fwa, avèk plizyè douzèn vandè mnaje ak sa ki nouvo nan Fwa a ane sa a. Tant lan jis andedan baryè prensipal la.

Vizitè yo ka pran yon nouvo foto lisans nan ekspozisyon DMV nan Bilding Sant Pwogrè a, sa ki pral ofri tou sèvis tankou tès vizyon, fè rezèvsyon pou vizite yon biwo lokal, enskri nan pwogram pou bay ògan, ak renouvle yon anrejistreman oswa lisans chofè. Patisipan yo nan Fwa ka menm kòmande yon plak lisans pèsonalize Fwa Eta nan kyòs la (gade yon modèl [la](#)).

Moun kap chèche travay ka chèche travay grasa pwogram travay eksprès Depatman Travay la. Gwo ekran televizyon entè-aktif pral pèmèt moun ki nan fwa chèche pou plis pase 125,000 djòb toupato nan eta. Anplis, yo ka aprann plis osijè Gwoup Travay pou Travayè ki sibi eksplwatasyon yo ak Gwoup Travay Ranfòmans pou Endistri Salon Maniki a.

E-ZPass pral disponib pou acha nan kyòs Thruway Authority ak Canal Corporation. Apre yon tranzaksyon rapid, kliyan yo ka anrejistre nouvo plak la touswit sou plas atravè yon iPad. Moun ki nan fwa yo ka aprann tout bagay sou sistèm Thruway canal New York nan pakouri yon kwonoloji istorik ak yon kat ki limen.

Timoun yo ka rankontre Kapitèn America ak and Iron Man nan dat 4 ak 5 septanm nan kyòs depatman Sante.

Aprann sou domaj po akoz solèy la nan danje ki genyen lè yon moun rete twòp nan solèy la pou l bwonze pa Depatman Sante. Itilize Sistèm Analiz Po VISIA, sa ki pral fotografye diferan aspè sou figi, enkli gwochè pò, tach mawon, domaj solèy, ak bakteri ki bay anpil enfòmasyon sou kalite po w.

Yon Park Eta twa kawotè jis andedan Fwa a pral ouvè pou vizitè yo pwofite. Yon oasis zèb pral gen ladan yon dispozisyon rekonfigire, banyè byenveni kolore, siy, ekzibisyon, ak yon nouvo kyòs, tout bagay sa yo ajoute nan plantasyon fre, pyebwa ki aliye ki reflète pisin ak zòn lonbraj piknik. Pandanke, moun ki nan fwa yo ka patisipe nan yon demonstrasyon fè chokola nan 18yèm syèk, entè-aji avèk espektak zwazo vivan, epi rapwoche pipre lanati avèk diferan espès zwazo kap viiv nan State Parks yo nan eta. Gade pwogramasyon konplè a [la](#).

Timoun yo ka pran yon leson pratik sou danje ki gen nan jèm, grasa Glo Germ™ ki klere nan nwa yon pwodui amizan ak ansekirite ki pwojete yon limyè revelatris lè li ekspoze nan limyè reyon U.V., fè envizb la vin tounen “jèm ou ka wè.” Lè Demonstrasyon yo se 10-11am, 12:30-1:30pm, 4:30-5:30pm, ak 7pm-8pm chak jou.

Lapolis Eta New York ap annaksyon, avèk opòtinite pou fanmi yo gade ekip travay lapolis Eta ki plonje anba dlo, Inite Dispozisyon Kanin ak Bonm kap montre konpetans yo, ak ekip repons operasyon spesyal kap demontre teknik rapèl sou yon platfòm tour 50-pye. Gade depre yon Bell 407 elikoptè, epi pale avèk yon vrè pilòt. Timoun yo ka menm chita nan yon veyikil patwouy epi limen limyè yo.

Chofè yo ka aprann sou danje ki genyen lè yap tèks pandan yap kondwi avèk jwèt stimilasyon AT&T Li ka rete tann nan Depatman Sante afiche, disponibilite chak jou apati 11am-7pm.

Lide pou manje byen sou bidjè pral disponib bò kote espesyalis nitrisyon yo, ansanm avèk yon jwèt videyo ki santre sou fè bon jan chwa manje. Lokalize nan kyòs pou Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite USDA-developed “myPlate” bon jan kalite manje ak chwa goute pral disponib sou de gwo ekran jwèt entèaktif òdinatè ke ou kapab touche.

Ekspozisyon an pral gen ladan tou aktivite amizan, ki baze sou nitrasyon ki dirije pa espesyalis yo ki soti nan Pwogram Asistans Sipleman Nistrasyon [Supplemental Nutritional Assistance Program (SNAP).] Repezantan yo pral disponib tou pou reponn kesyon sou sipò alimantè pou timoun oswa fè peman sipò pou timoun.

Aprann poukisa myèl enpòtan nan agrikilti New York nan Depatman Agrikilti ak tant Mache a, kote yon moun ki fè elvaj myèl pral sou plas pou bay vizitè yo yon apèsi apwofondi sou pwosesis polinizasyon nan afiche yon nich obsèvasyon anvè sou siwo myèl. Lòt divizyon yo pral prezante ekspozisyon sou diferan jou nan fwa ki pral atire patisipan yo nan fwa ki gen tout laj. Yon modèl EMriver entèaktif pral afiche nan dat 27 ak 28 out sa kap fè moun ki nan fwa yo sal men yo pandan yap aprann sou prensip debaz konpòtman rivyè ak ewozyon, pandan ke Sèvis anplwaye Kontwòl pwodui letye pral ofri yon apèsi sou kijan lèt transfòmè an fwomaj ak yogut nan dat 30 ak 31 out.

Patisipe nan lit kont abi dwòg. Patisipan yo nan fwa a ka pran pi bon mesaj osijè prevansyon itilizasyon ewoyin apati mesaj ki afiche sou tablo yo pa etidyan yo nan Lekòl Segondè South Colonie. Mesaj ki pi popilè sa pral afiche sou medya sosyal Biwo Alkòl ak Abi Sibstans NYS chak jou.

Vizitè yo ka konekte avèk resous yo pou amelyore sante mantal avèk kat aplikasyon mobil ke yo pral demontre nan kyòs Biwo Sante Mantal Eta New York. Aplikasyon yo ka ede adolesan yo redwi angwas epi sispann entimidasyon, ankouraje rezistans manm sèvis ak veteran ak sante mantal pozitif. Nan dat 3 ak 4 septanm, vizitè yo ka bay Tommy lamèn, yon chyen terapi kap bay timoun yo sèvis nan Lwès New York. Agrikiltè yo ansanm avèk lòt travayè agrikòl yo ka fè yon kanpe pandan Jou Pwodui Letye yo, nan dat 31 out ak Jou Grange nan dat 5 septanm pou rankontre avèk klinisyen FarmNet Eta, New York yo, ki bay referans ak resous pou travayè agrikòl yo toupatou nan New York.

Aprann sou pwojè enèji pwòp nan kominote yo nan tout eta itilize yon kat entè-aktif nan ekspozisyon Depatman Sèvis Piblik, Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York ak New York Power Authority. Rantre yon kòd postal Eta New York epi gade yon kat ki montre pwojè enèji pwòp nan Eta epi jwenn enfòmasyon sou kijan vizyon refòm enèji Gouvènè Cuomo a ap bati yon avni enèji ki pi pwòp, pi rezistan ak pi bon mache pou tout Nouyòkè yo.

Fanmi yo ka aprann kijan pou yo prepare pou katastwòf ak ijans avèk espesyalis ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans. Lè yo pran yon ti sondaj kout, vizitè yo pral anmezi pou evalye pwòp preparasyon pèsònèl yo e yo pral resevwa yon limyè fach gratis oswa yon mato sekou, ansanm avèk enfòmasyon pou amelyore sekirite pèsònèl yo kont katwastwòf ak ijans.

Aprann sou Sekirite pou dife nan House of Hazards, yon ekspozisyon entè-aktif pou adilt ak timoun pou yo aprann sou sekirite pou dife, ki te kreye pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Biwo Sèvis Ijans Prevansyon ak Kontwòl Dife. House of Hazards gen senk estasyon, yo chak genyen pwòp mesaj enpòtan yo sou dife osijè danje komen dife

tankou yon dife kwizin avèk lòt danje dife nan kay.

Enjenyè Pon yo pral nan travay e vizitè yo ka itilize lojisyèl plan tankou yon entwodiksyon reyalistik angaje pou konsepsyon. Moun ki nan fwa yo pral aprann sou pout pon ak kijan enjenyè yo nan Depatman Transpòtasyon New York ap itilize òdinatè yo tankou yon zouti pou rezoud pwoblèm epi bati ak kenbe pon yo ansekirite.

Planifye yon vwayaj nan lanati epi pran yon foto enteresan nan kyòs Depatman Konsèvasyon Anviwonman. Kat entè-aktif Tè Eta pral disponib nan Log Cabin pou moun ki prale nan fwa a planifye epi katografye vwayaj yo nan forè eta, park ak lòt espas piblik, e ap gen opòtinite pou fè foto devan yon kabin anbwa kòm yon vrè moun ki koupe bwa avèk yon vrè debiskè kawotchou ak yon pechè ki gen yon gwo pwason sou liy lan. Ap gen tou ekspozisyon entè-aktif ke patisipan yo nan fwa a pral aprann kijan DEC mezire lè ak kalite dlo e yo ka aprann sou efè lapli asid.

Achte yon lisans espò nan men yon ekip konplè ajan lavant ki pral sou plas chak jou de 10 a.m.-5 p.m. pou plizyè milye gason ak fi espòtif ki achte chak ane lisans yo pou lapèch, lachas ak pyèj nan bilding akwaryòm DEC nan fwa a. Ane sa a, patisipan yo nan fwa pral eksperimante amelyorasyon nan achte lisans grasa sistèm lisans senplifye ki pèmèt ajan lavant yo gen aksè pi fasil a privilèj lisans aktyèl, pèmi ak etikèt ke yo te detni. Moun kap achte lisans yo ka achte tou yon lisans espò pou lavi nan fwa, elimine bezwen pou renouvèlman anyèl epi prezante opòtinite pou afiche lisans lan sou lisans chofè oswa kat Idantite NYS yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418